



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MITAN PANDEMI COVID-19 AKTYÈL LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANKÈT SOU TÈS ANTIKÒ YO NAN TOUT ETA A PRAL KÒMANSE DEMEN**

***Tès antikò an gran kantite yo pral ede detèmine ki pousantaj nan popilasyon an ki iminize kont viris la kounye a epi ede fè plis moun retounen nan travay***

***Eta a pral kontinye travay avèk gouvènman federal la pou ede avèk chèn apwovizyonman an ak kowòdone laboratwa prive yo pou ogmante tès dyagnostik yo***

***Li anonse Eta a prepare pou transpòte 400 vantilatè nan Massachusetts si sa nesèsè***

***Li etann Dekrè Egzekitif la pou pèmèt nenpòt ofisyan otorize pou fè seremoni maryaj yo nan itilize teknoloji videyo anliy yo***

***Li konfime 6,054 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 242,786; gen nouvo ka nan 46 Konte***

Nan mitan pandemi COVID-19 lan, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Depatman Sante (Department of Health) Eta a pral kòmanse reyalize yon ankèt sou tès antikò yo nan tout Eta a demen. Ankèt sou tès la pral pran kòm echantiyon 3,000 moun nan yon popilasyon 19.5 milyon moun - pou kontèks Almay te reyalize yon echantiyon avèk 3,000 moun avèk yon popilasyon 83 milyon. Tès antikò an gran kantite yo pral ede detèmine pousantaj popilasyon an ki iminize kounye a kont viris la, sa ki ap pèmèt plis moun retounen travay an sekirite.

Gouvènè Cuomo te anonse tou Eta pral kontinye travay avèk gouvènman federal la pou ede avèk chèn apwovizyonman an ak kowòdone laboratwa prive yo pou ogmante tès dyagnostik yo, yon lòt eleman kle nan fè moun retounen travay epi redemare ekonomi an.

Gouvènè a te anonse tou Eta a prepare pou transpòte 400 vantilatè nan Massachusetts nan 24 èdtan si sa nesèsè.

Gouvènè a pral siyen yon Dekrè Egzekitif ki pèmèt nenpòt ofisyan otorize pou reyalize seremoni maryaj yo nan itilize teknoloji videyo anliy yo. Yè, Gouvènè a te pibliye yon Dekrè Egzekitif ki pèmèt Nouyòkè yo jwenn yon lisans maryaj adistans ak pèmèt grefye yo reyalize seremoni yo atravè videyo konferans, yon pratik ki entèdi dapre lwa aktèl la. Anpil biwo maryaj yo fèmen tanporèman akòz pandemi COVID-19 la, sa ki anpeche

Nouyòkè yo jwenn yon lisans maryaj pandan ijans sante aktyèl la; Dekrè Egzekitif la pral sispann yon dispozisyon legal tanporèman ki egzije vizit an pèsòn.

"Nenpòt plan pou kòmanse re-ouvri ekonomi an dwe baze sou done ak tès yo, epi nou dwe asire nou tès antikò ak dyagnostik yo nan nivo nou bezwen an dekwa pou nou kapab fè moun retounen travay an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral kòmanse tès antikò yo nan tout Eta a demen - epi nou pral fè sa nan fason ki pi agresif nan nasyon an. Se pral premye vrè apèsi sou egzakteman konbyen moun ki te enfekte ak COVID-19 la epi kote nou ye kòm yon popilasyon epi ede nou re-ouvri ak rebati san mete an danje sa nou reyalize deja yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 6,054 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 242,786 ka konfime nan Eta New York. Nan total 242,786 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	682	34
Allegany	30	0
Broome	192	6
Cattaraugus	34	0
Cayuga	36	0
Chautauqua	25	0
Chemung	73	1
Chenango	78	1
Clinton	49	1
Columbia	107	2
Cortland	25	0
Delaware	49	0
Dutchess	2,240	39
Erie	2,070	73
Essex	18	2
Franklin	13	0
Fulton	27	0
Genesee	117	30
Greene	85	3
Hamilton	3	0
Herkimer	49	2
Jefferson	54	4
Lewis	8	0
Livingston	39	2
Madison	106	1
Monroe	1,032	24
Montgomery	35	1

Nassau	30,013	833
Niagara	246	12
NYC	134,436	3,173
Oneida	275	7
Onondaga	498	6
Ontario	70	1
Orange	6,379	113
Orleans	46	5
Oswego	47	2
Otsego	48	1
Putnam	592	10
Rensselaer	173	9
Rockland	9,364	193
Saratoga	251	7
Schenectady	268	9
Schoharie	20	0
Schuyler	6	0
Seneca	18	0
St. Lawrence	105	7
Steuben	167	7
Suffolk	26,888	745
Sullivan	537	13
Tioga	35	3
Tompkins	117	0
Ulster	854	34
Warren	96	2
Washington	63	11
Wayne	50	1
Westchester	23,803	624
Wyoming	36	0
Yates	9	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)